



YAYASAN BERNARDUS
SMA THERESIANA “TERAKREDITASI”
Jl. Tamtama Weleri 51355, Kendal, Jawa Tengah. Telp. 0294 641246

Nama :
Kelas :

PENILAIAN AKHIR SEMESTER GASAL
Tahun Ajaran 2022/2023

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : XII MIPA/IPS
Hari / Tanggal : Senin, 5 Desember 2022
Jam : 09.30-11.00 WIB

PETUNJUK UMUM :

1. Tulis Nama dan Nomor peserta pada lembar jawab
2. Periksa dan bacalah soal sebelum anda menjawabnya
3. Jumlah soal sebanyak 40 butir pilihan ganda.
4. Kerjakan pada lembar jawab. Apabila ada jawaban yang anda anggap salah dan ingin memperbaikinya, coretlah dengan dua garis mendatar pada jawaban anda yang salah, kemudian beri tanda silang pada huruf yang anda anggap benar.

**** SELAMAT MENGERJAKAN ****

PETUNJUK KHUSUS

Pilihlah salah satu jawaban yang tepat dengan memberi tanda silang (X) pada salah satu huruf jawaban a, b, c, d, atau e pada lembar jawab !

*Mangka kanthining tumuwuh,
Salamimung awas eling,
Eling lukitaning alam,
Dadi wiryaning dumadi,
Supadi nir ing sangsaya
Yeku pangreksaning urip*

1. Paugeran tembang kasebut yaiku....
 - A. 8i, 8a, 8i, 8a, 8i, 8u
 - B. 8u, 8i, 8a, 8a, 8a, 8u
 - C. 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i
 - D. 8u, 8i, 8a, 8i, 8i, 8a
 - E. 8u, 8i, 8i, 8i, 8a, 8i

2. Tembung “Sansaya” nduweni teges....
 - A. Kasangsaran
 - B. Saya apik
 - C. Bungah
 - D. Kautaman
 - E. Slaras
3. Tegese “Mangka kanthining tumuwuh” ing salah sawijining gatra yaiku....
 - A. Kanthi seneng menehi
 - B. Kanggo sangu urip
 - C. Urip kudu menehi
 - D. Kidung urip
 - E. Ora keno meri
4. Watake tembang Kinanthi yaiku....
 - A. Sedih, lungkrah
 - B. Seneng, tresna asih
 - C. Lara ati
 - D. Sabar, kuat, lan waspadha
 - E. Iling marang Gusthi
5. Tembang macapat Kinanthi iku asale saka tembung kanthi kang ateges....
 - A. Nyekel
 - B. Nuntun
 - C. Nggawa
 - D. Njupuk
 - E. Nyangking
6. Serat Wedhatama iku anggitanipun...
 - A. KGPAA Mangkunegara IV
 - B. KGPAA Suryamentaram
 - C. KGPAA Mangkubumi/ KGPAA Pakubuwono
 - D. KGPAA Pakualam
 - E. Sultan Hamengkubuwono IX
7. Pathokan sajroning tembang macapat kang ngemot cacahing wanda saben sagtra tembang, yaiku....
 - A. Guru lagu
 - B. Guru gatra
 - C. Guru wilangan
 - D. Guru basa
 - E. Guru sastra
8. Karangan kang nggambarake kanthi cetha salah sawijining obyek, panggonakan, lan prastawa saengga pamaca kaya-kaya bisa ngrasakake dhewe kang di critakake ing wacan diarani....
 - A. Dheskripsi
 - B. Eksposisi
 - C. Narasi
 - D. Argumentasi
 - E. Persuasi
9. Klambi utawa rasukan kang dienggo marang tiyang Jawi Kakung lan duweni werna cemeng jenenge....
 - A. Jas
 - B. Kebaya

- C. Batik
- D. Jarik
- E. Beskap

10. Piranthi kang kanggo nyingseti utawa ngencengake tumempeling sinjang wonten badan supados ampun ngantos mlorot satemah udar uga diarani....

- A. Sabuk
- B. Sinjang
- C. Epek
- D. Tali
- E. Angking



11. Blangkon ing dhuwur punika kalebu Blangkon daerah....

- A. Yogyakarta
- B. Surakarta
- C. Semarang
- D. Banyumas
- E. Surabaya

12. Tegese tembung “Cemeng” yaiku....

- A. Abang
- B. Kuning mas
- C. Ijo
- D. Ireng
- E. Putih

13. Tegese tembung “Jene” yaiku

- A. Abang
- B. Kuning mas
- C. Ijo
- D. Ireng
- E. Putih



14. Ing dhuwur kuwi jenenge motif batik....

- A. Pedhang
- B. Mega mendhung
- C. Kawung
- D. Parang kusumo
- E. Batik 7rupa



15. Gambang ing dhuwur kalebu motif batik....
- Lasem
 - Mega mendhung
 - Kawung
 - Parang kusumo
 - Batik 7rupa

Pethikan wacan kanggi pitakonan nomer 16-17

Dhuwung ing tlatah Jawi wonten warni kalih, inggih punika dhuwung ingkang mligi kadamel kagem ageman utawa pasren, saha dhuwung pusaka tayuban. Dhuwung kagem ageman punika anggenipun damel mboten mawi pasa utawa lampah prihatos. Nanging menawi dhuwung tayuban anggenipun damel mawi lampah sarta upacara ingkang sampun dados pakem utawa paugeran ingkang gumathok.

16. Pokok isi saka pethikan wacan kasebut yaiku....
- Busana jangkep kakung miturut Kraton Surakarta
 - Perangan jangkep putra Kakung Kraton Kasunanan
 - Carane nganggo keris
 - Busana jangkep ing tlatah Jawa
 - Jinising kering ing tlatah Jawa
17. Dasanamane tembung “dhuwung” yaiku....
- Atelah
 - Jarik
 - Blangkon
 - Keris
 - Nyamping
18. Ambune arum jamban. Sanepa iku dhuweni teges....
- Ambune wangi
 - Ambune kaya kembang kenanga
 - Ambune badheg
 - Ambune amis
 - Ora mambu
19. Esem pait madu. Sanepa iku dhuweni teges....
- Guyune ayu
 - Guyune manis banget
 - Guyune kaya mak lampir
 - Guyune ngece
 - Guyune kecut
20. Anin wis seminggu lara types saengga raine pucet banget. Unen-unen kang rep kanggo nggambarake kahanane Anin yaiku....
- Cahyane abang dluwang
 - Anak polah bapa kepradah
 - Ulate bening leri
 - Bung pring petung
 - Tatne arang kranjang

21. Tetembungan kang ajeg panggonane lan panganggone, ateges enta, nanging ora ngemu surasa pepindhan, yaiku....
- Sanepa
 - Isbat
 - Paribasan
 - Saloka
 - Wangsalan
22. Gatekna wacan ing ngisor iki!
- Karawitan iku wirama kang kaanggit saka maneka warna piranti kayata kenong, bonang, kempul, gong, balungan, lan liya-liyane. Wirama kang alus lan laras bias gawe tentreme jiwa. Pranti gamelan iku sawijine warisan budaya saka leluhur kang bias dirembakake ing jaman saiki kanthi digabungake (kolaborasi) karo piranti kang luwih modern. Wujude kolaborasi iku upamane campursari lan pangiring pagelaran wayang kulit utawa wayang wong.
- Teks ing dhuwur iku tuladha teks eksposisi....
- Definisi
 - Proses
 - Klasifikasi
 - Ilustrasi
 - Analisis
23. Kang ora kalebu titikane teks eksposisi yaiku....
- Informasine gegayutan karo sawijining prekara kang ora bisa digayuh dening pancadriya
 - Isine asipat ajak-ajak marang sawijine panemu (profokatif)
 - Obyektif, tegese dhata lan faktane bener tur pener.
 - Wose methode kanggo ngayahi sawijining bab.
 - Umume paragraf eksposisi mangsuli pitakonan apa, sapa, geneya, kapan, ing ngendi, lan kepriye.
24. Ricikane gamelan ana bonang rong warna, yaiku....
- Bonang kethuk lan bonang kempyang
 - Bonang barung lan bonang penerus
 - Bonang gender lan bonang slenthem
 - Bonang kempul lan bonang kenong
 - Bonang gambang lan bonang saron
25. Bonang kang duweni ukuran paling cilik yaiku....
- Bonang Penerus
 - Bonang Barung
 - Kenong
 - Kethuk Kempyang
 - Gong



26. Gamelan ing dhuwur iku digawe saka kayu kang arane....
- Saron
 - Gambang
 - Rebab
 - Gender

E. Demung



27. Gambar ing dhuwur kuwi arane....

- A. Saron
- B. Gong
- C. Rebab
- D. Gender
- E. Sitar

Wacan eksposisi kanggo pitakonan nomer 26-29

Siter yaiku salah sawijining gamelan ingkang nduweni 12 pasang senar kang kajerengake kabeh ing khotak *renonator* (kotak kang awujud dawa) lan awake siter kang digawe saka kayu jati. Tembung siter asale saka basa Walanda yaiku *citer* lan saka basa Inggris yaiku *zither*.

Cara ngunekake siter yaiku kanthi dipethik nganggo jempol lan driji liyane digunakake kanggo nahan getaran. Tempo ingkang digunakake ing piranti iki biyasane cepet. Siter biyasane digunakake kanggo ngiringi musik gamelan.

28. Tembung “siter” asale saka basa....

- A. Melayu
- B. Walanda
- C. Jerman
- D. Jepang
- E. Korea

29. Driji kanggo methik siter, yaiku....

- A. Jenthik
- B. Driji tengah
- C. Jempol
- D. Driji panunjuk
- E. Driji manis

30. Siter digawe saka....

- A. Kayu mahoni
- B. Kayu nangka
- C. Kayu mlandhing
- D. Kayu jati
- E. Kayu kalbi

31. Cacahe senar ing siter ana....

- A. 10
- B. 14
- C. 17
- D. 18
- E. 12

32. Gamelan Jawa kang anggone ngunekake kanthi digosok kaya biola, jenenge....

- A. Saron
- B. Gambang
- C. Rebab

- D. Gender
E. Sitar
33. Kendhang ing musik gamelan fungsine kanggo mandhegani lan ngarahake tabuhan. Swarane dang, dang, dang. Ndang tegese age-age, mula manungsa kudu age-age ngibadah marang Gusti Kang Mahadumadi.
Ing ngisor iki tumindak kang jumbuh karo pitutur piranti gamelan aran kendhang yaiku
A. Nalika Budi golek kerjaan, saliyane ngathongi biji kang apik ora lali ndedonga marang Gusti kang Murbeng Dumadi
B. Budhe bibar wae ndherek pengajian, banjur nerapake ngelmu saka pengajian ing kauripan padinan
C. Saben dinane Guntur sabubare salat diterusake ngaji
D. Ing wayah sore ibu ningali langit kang endah kebak lintang lan rembulan, mula tansah ngunjukake syukur marang Gusti
E. Nalika Bapak nderek rapat ing kantor keprungu suara adzan, Bapak age-age tindak mushola kanggo ngibadah
34. Salah sawijining teks pasiaran kang menehi informasi faktual maring pamireng/ pamirsa migunakake sarana audio lan visual yaiku....
A. Broadcasting
B. Eksposisi
C. Pawarta
D. Dheskriptif
E. Argumentasi
35. Kang kalebu bagean saka broadcasting, *kejaba*....
A. Podcast
B. Berita radio
C. Berita tv
D. Iklan layanan masyarakat
E. Maca pawarta ing koran
36. Ing ngisor iki aksara swara kang unine “O” yaiku
A. 
B. 
C. 
D. 
E. 
37. Kangjeng Susuhunan Paku Buwana ing Surakarta Hadiningrat. Panyeratipun aksara Jawa (aksara murda) kados ing ngandhap menika ...
A. 
B. 

II ԿԱՅՈՒՄԱԿԱՆՈՒԹՅՈՒՆ

[illegible]

40. Apa irah-irahan wacan ing dhuwur?

- A. Brubuh Rawa Bayu
B. Rubuh rawa sayu
C. Brubuh rawa Sayu
D. Bubuh Rama Bayu
E. Brubuh Rawa sayu